



Antant Tit I pou pwofesè, elèv ak paran yo – 2018-2019

Misyon ak filozofi: A.D. Henderson University School / FAU High School gen yon misyon ki divize an twa nivo: (1) pou se yon espas eksperimental pou fòmasyon pwofesè yo; (2) pèmèt prepare pwogram etid jeneral yo; epi (3) pou kapab fè rechèch (F.S. 228,053). Tout twa pati nan misyon an chita sou yon pwen fondamantal – edike elèv A.D. Henderson University School / FAU High School yo pou yo kapab rive atenn tout kapasite yo. Filozofi a se ke nan zafè edikasyon, objekif la se pou kreye yon bon anviwònman, ki san danje pou elèv yo kapab akèri konpetans, konesans ak devlope estrateji pou rezoud pwoblèm ki nesèsè pou fonksyone kòm manm responsab epi ki ap bay rezilta nan sosyete a. Lekòl nou an estriktire yon fason pou kreye yon anviwònman ki la pou ankouraje ak devlope tout kapasite ki kay chak elèv nan domèn akademik, entèlekyèl, emosyonèl, sosyal ak fizik.

Kòm pwofesè, ki se yon reprezantan lekòl la, mwen (non ou an lèt detache) _____, pral

- Kwè ke chak elèv gen kapasite pou aprann
- Montre respè mwen anvè chak elèv ansanm ak fanmi li tou
- Kreye yon anviwònman ki fasilite aprantisaj
- Bay devwa lakay ki apwopriye epi ki fè sans pou elèv la
- Ranfòse règ yo nan lekòl ak klas la yon fason ki jis ak regilye
- Bay aktivite pou amelyore byennèt sosyal ak emosyonèl chak timoun
- Kenbe yon kominikasyon ki louvri ak elèv la ansanm ak paran oswa gadyen legal li a
- Chèche fason pou fè paran yo patisipe nan aktivite lekòl la
- Pa divilge enfòmasyon sou vi prive elèv yo

Kòm elèv, mwen (Non ou an lèt detache) _____, pral

- Toujou fè efò mwen pou mwen bay meyè de mwen nan devwa mwen yo ak nan konpòtman mwen genyen
- Travay ansanm ak kamarad mwen yo epi ankouraje yo tou
- Aji ak respè anvè tèt mwen, lekòl mwen, epi lòt moun ansanm ak paran mwen yo tou
- Fyè de lekòl mwen an
- Vini lekòl la prepare ak devwa mwen, zouti mwen yo, epi abiye korèkteman selon règ sou jan pou abiye yo sa gen ladann kat idantifikasyon mwen an
- Kwè ke mwen kapab e ke m ap rive aprann
- Konfòme mwen ak règleman lekòl la ak distrik la epi règ nan klas la tou
- Patrisipe nan espò chak jou otan mwen kapab

Kòm paran/gadyen legal, mwen (Non ou an lèt detache) _____, pral

- Asire mwen ke timoun mwen an ale lekòl chak jou epi a lè epi gen kat idantifikasyon li avèk li
- Kreye yon anviwònman nan kay la ki ankouraje pitit mwen an pou li aprann
- Ankouraje pitit mwen an fè tout devwa yo ba li pou lakay epi pou li rete motive pandan lap pran responsablite sa li menm lè li ap grandi epi vin gen plis matirite
- Toujou kominike avèk pwofesè timoun mwen an
- Sipòte lekòl la nan parèt kòm yon modèl ki gen bon konpòtman
- Pale ak timoun mwen an konsènan aktivite li gen lekòl li chak jou
- Ankouraje timoun mwen an li epi travay egzèsis matematik nan kay la
- Veye, si sa nesèsè, jan timoun mwen an ap sèvi ak teknoloji
- Montre respè epi sipòte timoun mwen an, pwofesè a, ak lekòl la
- Sipòte timoun mwen an, lè sa posib, nan tout lòt aktivite ki pa nan pwogram akademik la li gen pou fè
- Patrisipe nan aktivite yo nan lekòl la epi toujou tcheke zouti kominikasyon lekòl ak pwofesè a pou ka jwenn dènye enfòmasyon yo.

Pwofesè: (Siyati) _____ Dat: _____

Elèv: (Siyati) _____ Dat: _____

Paran/gadyen legal: (Siyati) _____ Dat: _____

Paran yo, tanpri revize dokiman sa a avèk timoun ou an, siyen li epi fè timoun ou an siyen li. Retounen li bay pwofesè timoun ou an anvan lendi 26 novanm 2018.

*****PWOFESE YO: RETOUNEN FÒM KI RANPLI YO NAN RESEPSYON AN *****